


LEAD-FREE



# Enfòmasyon sou plon ki nan kay

## PA GENYEN OKENN NIVO KONTAK AK PLON KI SAN DANJE.



Nenpòt kay ki te bati anvan 1978 kapab gen penti ki genyen plon ladan, epi kay sa yo gen pousyè ak kras moso penti. Sa kreye pwoblèm sante ki grav anpil, sitou pou timoun piti.

Tibebe ak timoun piti, ki pase anpil tan atè a, se moun ki pi frajil ak anpwazònman plon si yo manje kras penti oswa respire pousyè plon an toutan.

Menm si w pran yon ti kontak tou piti, plon an ka lakòz entelijans timoun nan bese, konsantrasyon ak difikilte pou aprann, pwoblèm pou pale ak tandè, ralanti sou jan li grandi, maladi sistèm nève yo, ak pwoblèm konpòtman.




Li enpòtan pou tout kay ki te bati anvan 1986 teste penti ak dlo yo pou plon. Timoun ki



nan laj en an ak de zan dwe teste pou gade si yo gen kontak ak plon, epi aprè sa, w ap teste yo chak ane si w sispèk yo te gen kontak ak li.

Anplis penti ki fèt ak plon, kontak toksik la ka sòti nan tiyo oswa enstalasyon ki bay dlo pou bwè ki fèt ak plon,



pil asid plon ki pa byen sere, plon nan ansyen gode ki fèt ak seramik, epi kèk jwèt, pwodwi kosmetik, ak epis ki enpòte.

Lead-Free New Jersey pran angajman pou edike rezidan ak lòt responsab, pou yo kapab devlope yon seri solisyon pou jere plon nan penti, dlo ak tè nan kay, lekòl ak gadri timoun.  
Ansanm AN NOUS RETIRE PLON.



# KONSÈY POU EVITE KONTAK AK PLON NAN KAY LA

- Fè yon tès plon nan penti pou tout kay ki te bati anvan 1978 epi travay ak yon enspektè ki sètifye pa EPA (Ajans Pwoteksyon Anviwonman) RRP (renovasyon, reparasyon oswa penti) pou travay renovasyon.
- Toutan, netwaye arebò fenèt yo, atè a, ak kapèt yo pou evite pousyè oswa kras penti fè pil.

- Sèvi ak veso ak gode ki pa gen plon.
- Kite dlo a koule pou 30 segond avan w sèvi avè l pou netwaye tiyo yo. Epi itilize dlo frèt pou lèt bebe, pou w bwè ak fè manje.
- Kite soulye ou bò pòt la pou w pa rantre ak plon anndan kay la.
- Fè atansyon ak travay oswa lwazi ki ka ekspoze rad travay yo ak pousyè plon.



- Lave men timoun yo avan yo manje ak bwè oswa aprè yo fin jwe atè oswa deyò a.

# KONSÈY POU NETWAYE KAY KI GEN PENTI PLON

Yo rekòmande pou kay la netwaye toutan. Metòd ki pi efikas pou retire pousyè se itilize aspiratè epi twal mouye aprè.

Asire w pou w netwaye atè a, mi yo, etajè yo, kontwa yo, tab yo, arebò fenèt yo, manch pòt ak bouton yo, vantilasyon, asyèt yo, jwèt yo, kapèt yo, chèz yo, elatriye.

- Netwaye sifas yo depi anwo jouk anba.
- Asire w ou mete ekipman pwoteksyon tankou gan ak yon mask.
- Asire w ke w kenbe timoun ak bèt nan kay la lwen anvan w netwaye pousyè plon.
- Fanm ansent pa dwe netwaye pousyè ki kontamine ak plon.

Itilize yon twal mouye pou w ka retire pousyè nan fenèt, radyatè, vantilatè, kouvèti filtè ak vantilatè nan plafon yo.



Netwaye atè a, eskalye ak kapèt yo avèk yon aspiratè ki pwisan (HEPA - High Efficiency Particulate Air Filter). Al deyò ak aspiratè a pou w chanje sak la. Aspiratè ki pa gen sachè oswa bwat pa rekòmande pou retire plon.

Netwaye kapèt yo ak yon aspiratè oswa mete yo nan machin alave, selon gwosè ak kalite kapèt la.



Pou netwaye kay ki san kapèt, prepare 3 bokit:



**Bokit 1**  
Mete dlo ak savon



**Bokit 2**  
Mete dlo pwòp pou w rense



**Bokit 3**  
Kite bokit la vid pou w mete dlo sal la

**Etap 1:** Pase yon twal mouye atè a ak dlo savon an.

**Etap 2:** Tòde mòp la epi mete dlo sal la nan bokit vid la.

**Etap 3:** Rense atè a ak dlo pwòp la

**Etap 4:** Tòde mòp la nan yon bokit dlo sal la.

**Etap 5:** Jete dlo sal la nan twalèt la

**Etap 6:** Jete tèt mòp ou itilize a nan fatra ki deyò kay la.

Pran yon papye, mouye l, mete savon— pa mete klowòks pou w netwaye tout rès bagay nan kay la— epi jete l.



**Etap 1:** Netwaye tout bagay.

**Etap 2:** Jete papye a.

**Etap 3:** Rense li ak yon lòt papye ki pwòp.

**Etap 4:** Jete dlo sal la nan twalèt la.

**Etap 5:** Ranmase tout papye sal yo, mete yo nan yon sachè epi jete yo nan fatra ki deyò kay la.